қәбилетлериниң имканиятларын көрсетип бере алады. Мәселен, қарақалпақлардың «Едиге» дәстанында сөз етилетуғын Баба түлки Әзийз ҳәм үш кептер-қыз ўақыясы усы атамадағы басқа миллий версиялар ушын да характерли. Олардағы тийкарғы мотив кептер-қызлар қус кеплерин шешип суўға шомылыў ўақтында, Баба түлки Әзийз олардың биреўиниң кебин алып қояды. Кеби жоқ кептер қыз Бабаға турмысқа шығыўға ыразы болады. Бирақ, шәрт қояды. Әдеттегидей, шәртлер орынланбайды. Қыз кептер Бабадан болған баласын туўып, оны таслап кетиўге мәжбүр болады. Усы бағдарда дүньяға халық санасының идеалы еспаланған перзент дүньяға келеди. Ол ғайры тәбийий, жоқары күшлердиң жәрдеминде пайда болған перзент сыпатында, ел-халқының тәғдирине жуўапкер батыр болып жетилиседи. Булар әлбетте, әййемги мифологиялық түсиниклердиң даўамы-Умай ана сыяқлы Кудай аналардың хызметлерин даўамлаўшы трансформацияланған образлар болып табылады.

Қуслардың тотемлик функцияларының айрым тәреплерин қарақалпақ этнографы Х.Есбергенов белгилеп өтеди. Ол айырықша Қарақус ҳаққында айта отырып, оның халық түсинигинде, перзентсиз ҳаялларға перзент бағышлаўшы күш сыпатындағы өзгешеликлерине итибар қаратқан. Қара қустың кеби ҳаялларды ҳәм оның шаңарағындағы балалар менен ересек адамларды зыянлы руўхлардан қорғай алатуғын кәраматқа да ийе болған [5:116-117]. Бул мотив қарақалпақ халық дәстанларынан орын алыўы менен бир қатарда, халық ертеклеринде, әпсана-аңызларында да жийи ушырасады. Мәселен, «Жансап» ертегинде қыз бир неше мәртебе Жансапты алдап, кептер либасын кийип кетиўге ериседи [6:127-131]. Буннан басқа адамларға қаҳарманлық етиўши жәрдемши қуслар образлары «Ақ қус», «Лашын», «Сәнаўар», «Аққубай патша» ҳт.басқалар ертеклерден турақлы орын алған образлар сыпатында сәўлеленеди. Демек, адамның қусқа, ямаса қустың адамға айланыў мотиви түркий халықлардың фольклорлық дөретпелеринде турақлы мотив түринде, әййемги космогониялық дәреклерден бери қәлиплесип, раўажланып киятырғанлығын тастыйқлаўшы өзгешеликлери менен ажыралып турады ҳәм Умай ана образының антропоморфлық өзгешеликлерин белгилеўде тийкарғы эпикалық объект дәрежесиндеги әҳмийетин анықлаўымызға мүмкиншиликлер бар деген сөз.

Қуслар образы түринде Хумай қусқа жақын образлардан Қарақус пенен Суймырық көбирек тилге алынады. Оларға бахыт келтириўши қуслар сыпатында Арқа Кавказда жасаўшы түрк тиллес халықлар орталығында, әсиресе, Әзербайжанда ҳәм Өзбекстанда кеңнен белгили [7:23-24].

Бахыт қусы (Симург) Суймырық, ямаса «Хумо», Өзбекстанда адамларға бахыт ҳәм тынышлық, саў-саламатлық келтириўши қус сыпатында тән алынған.

Қумай қус ҳәм Суймырық Умай ана образына тиккелей қатнаслы болып, оның қанатларының саясы түскен адам бахытлы өмир кеширеди» [8:8]. деп түсинилген. Өзбеклердиң кәраматлы қусы Хумо менен руслардың мифологиясындағы Гомаюн араларында аналогиялық жақынлық туўралы алымлардың мынадай пикирлери бар: «Хумо» сөзинен шыққан келбетлик «Хумаюн» (рус тилинде «гомаюн») рус тилинде жағымлы, мийриман, жақсы, ҳақ пейилли, қайырхом, жоқары мәртебели, қайырлы, патшалық, императорлық деген мәнилерди береди. «Хумаюн» сөзи саналылықты билдиреди, оны басқа қуслардан ажыратып турады ҳәм тек патшалық қус екенлигин де аңлатады [9:6].

**Әдебиятлар**

1. Есбергенов Х.Е. «Хумай в зооморфном облике». // Вестник. ККО АН РУ, -Нукус: 1997, №1-2, -С.124-126.
2. Диваев А. Ит-ала-коз(поверье).Спб.1908, №1-2.Отд.ОТТ. -С.149-150.
3. Сапронов В. «Птица Хумо в Узбекистане». // «Наука и жизнь», №1, 1994, -С. 23-24.
4. Эртегин Саламадзе . «Хумо и Семург- священные тюркские птицы» Проблемы искусства и культуры. «Baki»- 2011.UOT 7.04. –С.7-8.
5. Есбергенов Х. Атамуратов Т. Традиции и их преобразование в городском быту каракалпаков. -Нукус: «Каракалпакстан»,1975. -С.116-117.
6. Қарақалпақ фольклоры. (Көп томлық), 67-том. –Нөкис: «Илим», 2014, 127-131- б.
7. Сапронов «Птица Хумо в Узбекистане». // «Наука и жизнь» 1, 1994, -С.23-24.
8. Эртегин Саламадзе. «Хумо и Семург- священные тюркские птицы» Проблемы искусства и культуры. «Baki»- 2011.UOT 7.04. -С.8.
9. Алиева Д.А. Мне счастье чудо птица несёт. http: // Yazik-Llitral.narod. ru/Lit 58. Htm. -С.6.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада туркий халқлар мифологиясида кенг қамровда маълум бўлган худо она – Умай она образининг афсонавий қуш қиёфасида кўриниши ҳақида сўз юритилади. Шунинг билан бирга, қуш культининг фетишлик хизматлари ҳақида тушунча берилиб, халқ оғзаки ижодидан мисоллар келтирилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье повествуется об образе богини Умай эне которая известна в мифологии тюркоязычных народов, которая описывается в образе мифологической птицы. Вместе с тем, приведены примеры о фетише культа птицы.

**SUMMARY.** The article tells about the character of the goddess Umai, which is known in the mythology of the Turkic-speaking peoples, which is described in the character of a mythological bird. At the same time, examples are given about the fetish of the bird cult.

## TÓLEPBERGEN QAYÍPBERGENOVTÍŃ XX ÁSIR AQÍRÍ XXI ÁSIR BASÍNDAĞÍ DÓRETIWSHILIK ÓZGESHELIKLERI

**A.Yusupova** – *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: T.Qayıpbergenov, ijod, povestlari, roman-esse, falsafiy qarashlar.
**Ключевые слова**: Т. Кайипбергенов, творчество, рассказы, роман-очерк, философские воззрения.
**Key words**: T. Kayipbergenov, creativity, stories, novel-essay, philosophical views.

Qaraqalpaqstan respublikasınıń qaharmanı, ullı jazıwshı Tólepbergen Qayıpbergenov dóretiwshiligi tuwralı qaraqalpaq ádebiyatında kóplegen ilimiy-publicistikalıq miynetler, dóretpeler kóplegen. Eń dáslepkilerden bolıp Q.Sultanov óz dissertaiyasında T.Qayıpbergenov shıǵarmaların obiekt sıpatında alıp qaraǵan bolsa, onnan keyin P.Nurjanov, A.Abdimuratov, H.Utemuratova, B.Palwanov, G.Begmuratovalar óz dissertaiyaların jaqladı. P.Nurjanovtıń "Jahon adabiyoti" jurnalındaǵı "Olamga yol" (T.Qayıpbergenovtıń tuwılǵanlıǵınıń 80 jıllıǵına) baǵıshlanǵan maqalasında T.Qayıpbergenov shıǵarmaları haqqında aytıp, juwmaq sıpatında bılay deydi "Jazıwshınıń dóretiwshiligi tek ǵana qaraqalpaq milliy ádebiyatında ǵana emes Burınǵı awqam hám dúnya júzi kóleminde ózine tán áhmiyetke iye bolǵan waqıya sıpatında tilge alınıwǵa ılayıq" –dep, jazadı [3:18].

Haqıyqatında da jazıwshınıń bunday dárejege keliwinde sol dáwirdegi jámiyetlik-siyasiy dúzimde óziniń tásirin ótkermey qalmaydı. Sonlıqtan da, shıǵarmadaǵı ideya-tematikalıq baǵdarda óz kórinisin tabadı. XX ásir aqırında jazıwshı kóplegen tarıyxıy, ekologiya, liro-psixologiyalıq t.b baǵdarda shıǵarmalar dóretken bolsa, XXI ásirge kelip

jazıwshı tereń filosofiyalıq baǵdardaǵı shıǵarmalardı oqıwshılarǵa usındı.

Janrlıq ózgesheliklerdi de T.Qayıpbergenovtıń baslaması menen qaraqalpaq ádebiyatına roman – esse janrı keldi. Házirgi esse janrınıń baslaması esaplanatuǵın T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaqnama» roman-essesi tuwralı ádebiyatshı K.Allambergenovtıń «Jazıwshınıń bul shıǵarmasında endi biz jazıwshı T.Qayıpbergenovtı emes, al filosof Qayıpbergenovtı kóremiz» [1] – degen pikirdi bildiredi. Bularda tiykarǵı dıqqat esselerde filosofiyalıq pikirlerdiń beriliwine qaratılǵanın kóriwimizge boladı. Bul óz gezeginde esseniń janrlıq belgileriniń birin kórsetip beredi. «Janrdıń jáne bir ózgesheligi avtorlar óz dóretpelerine barlıq waqıtta epigraf beredi. Francuz jazıwshısı M.Montennen baslanǵan bul dástúr qaraqalpaq esselerinde de kórinbekte» [2]. Bunı, ásirese T.Qayıpbergenovtıń birqatar esselerinde kóriwimizge boladı. Máselen, onıń «O dúnyaǵa atama xatlar» shıǵarmasında Ájiniyazdıń («Keter boldıq endi bizler bas alıp…»), Mashrabtıń («Bul jerden bas alıp ketsem, meni izler kisi bar ma?») shıǵarmalarınan úzindiler hám «Suwdıń kópligi de apat ákeledi, kemligi de apat ákeledi» degen xalıq naqılı epigraf sıpatında alınǵan. Epigraf ushın alınǵan tekstler shıǵarmanıń mazmunına baylanıslı bolıp, oǵan ideyalıq baǵdar beriw xızmetin atqaradı.

Esseniń janrlıq qásiyetleriniń biri – jámiyetlik mazmundı, yaǵnıy dáwirdiń áhmiyetli problemaların, waqıyalardı avtordıń sub'ektiv oy-pikirleri arqalı ashıp beriw bolıp tabıladı. Shıǵarmada avtor obrazı birinshi planda turaqlı túrde beriledi. Ómirde haqıyqıy bolǵan waqıyalar sáwlelendirilip avtor olarǵa qatnasqan boladı. «O dúnyadaǵı atama xatlar» essesinde avtorlıq bayanlawlar, avtor obrazı jetekshilik etedi. Shıǵarmada óz táǵdirin xalıq táǵdiri menen ajıralmas baylanısta qaraǵan, óz xalqınıń jan kúyer bir perzenti sıpatında onı apatshılıqtan qutqarıw ushın ayanbay gúresken jazıwshı obrazı sáwlelengen. T.Qayıpbergenovtıń balalıq dáwirinen baslap payǵambar jasına shekemgi ómiri xalıq táǵdiri, jámiyetlik siyasiy turmıs penen baylanıslı berilgen. Shıǵarmada insan, tábiyat hám jámiyet arasındaǵı qarım-qatnas, bul qatnastaǵı kózsizlik, insapsızlıq, oysızlıq sıyaqlı illetler, jiberilgen qátekemshilikler, ornı tolmas ókinishler avtor obrazı, avtordıń dúnyaqarasları arqalı ashıp berilgen. SSSR dıń basqarıw dúziminiń qáte-kemshilikleri, vlast basındaǵı adamlardıń oysızlıǵı, keleshekke kóz jibermey, tek búgingi kún menen jasaw, «tábiyattı boysındıramız» degen súren astındaǵı islengen háreketlerdiń aqıbetinde pútin bir millettiń joq bolıp ketiw qáwpi avtordıń óz tolǵanısların, pikirlerin kópshilikke ashıqtan-ashıq bildiriwi, tógip salıwı arqalı júzege shıqqan. Avtor óziniń «xatların» emlewxanada jatırǵan waqıtta, yaǵnıy nawqas payıtında jazadı. Óziniń jekke dárti menen xalqınıń dártlerin biriktirgen halda, avtor «nawqas aqlıǵınıń» atasına shaǵınıwı, sarsılıwı usılı menen óz pikirlerin ele de ótkirlestirip bergen. Avtor ekologiyalıq apatshılıqtıń kelip shıǵıw sebeplerin izley otırıp, jámiyetlik siyasiy qubılıslarǵa óziniń bahasın, kózqarasların bildiredi hám usı tiykarda totalitar jámiyettiń adamlar basına salǵan tragediyalıq aqıbetlerin súwretlep otıradı. «Hár bir sorawǵa juwap izleymen, tappayman. Biraq mınaw qubılıslarǵa kewlim qabadı: Adamlardıń sútxorlıǵı, mehirsizligi, adamlardıń adamlar menen til tabısa almay atırǵanlıǵı tábiyattı óltirip atır. Adamları jalǵan áwliyesımaqlarǵa, kósemlerge bas iygen mámlekette tábiyat óledi eken. Qansha oylanba, báribir biziń mámleketimizde jasaǵan adamlarda estetikalıq talǵamlar durıslı rawajlanbaǵan. Tábiyattıń sulıwlıǵın qabıllaw imkaniyatımız kem» [4:94]. Avtor bul jerde tábiyiy apatshılıqtıń kelip shıǵıwınıń ruwxıy, morallıq, estetikalıq sebepleri tuwralı pikirleydi. Onıń pikirinshe, adamlardıń ruwxıy jarlılıǵı tábiyatqa nadurıs qatnastı keltirip shıǵardı hám bul qatnas ekologiyalıq apatshılıqtı payda etti. Shıǵarmada avtor óz xalqınıń ásirler boyı jıynaǵan filosofiyalıq, etikalıq, estetikalıq, huqıqıy bilim qorların ózinde jámlegen, danıshpan, filosof tárizinde sáwlelenedi. Jazıwshı óziniń turmıslıq tájiriybelerine, ilimiy bilimlerine tiykarlanıp ómir, adamlar, jámiyet tuwralı filosofiyalıq pikirlerin, oy juwmaqların kópshilikke usınadı. Máselen: «Aq boyaw birew bolıwına qaramastan hár bir adamnıń ózinshe aq boyawı bar. Haqıyqatlıq birew degendi jaqsı kóremiz. Birew me? Olay bolsa nege haqıyqatlıqtı anıqlaw ústinde daw-jánjeller kóp.

Dúnya usı qásiyeti ushın da gózzal, deydi birewler.

Dúnya usı qásiyeti ushın da túńildiredi, deydi ekinshileri.

Dúnyaǵa biyparwa bolmasań ya otta jasaysań, ya muzda jasaysań, deydi úshinshiler.»[4:43]. Bul qatarlarda insan, onıń quramalı ishki dúnyası hám sırtqı dúnyadaǵı jumbaqlı qubılıslar haqqında avtordıń filosofiyalıq pikirlewleri bayanlanǵan. Esseniń janrlıq qásiyetleriniń biri de usında kórinedi, onda avtor filosofiyalıq pikirlew, insanlar háreketi, tábiyiy hám jámiyetlik qubılıslardan áhmiyetli juwmaq, danıshpanlıq dórete alıw uqıplılıǵına iye boladı.

Bunnan basqa da esse janrında T.Qayıpbergenovtıń «Túrkiynama», «Qaraqalpaqtıń óz qalpaǵı menen sırlasıwı», «Qálbimniń qamusı» usı roman-esseler óziniń kompoziciyası hám pikirdi, poziciyanı bildire alıw jaǵınan ayırmashılıqlarǵa iye ekenligi menen bahalı.

Tereń fiosofiyalıq oylar menen ózgeshelenip turatuǵın dóretpesi bul "Qálbimniń qamusı" shıǵarması bolıp bunda jazıwshı "Ol ne haqqında? Insan hám Watan haqqında" [5:4] dep juwap qaytaradı. Jazıwshı bul shıǵarmasına reportaj-esse dep janrın belgileydi.

Shıǵarmada insan qanday sezimlerdi kewilinde túyip júrgen bolsa, oǵan sheshim izlese usı kitaptan tabadı. Sebebi bul kitap jazıwshınıń ómirdiń jollarınıń aqırlarına kelip jazılǵan, mol tájireybelerdiń miywesinen dóregen dóretpe boladı.

Mısalı: "Tilekke qarsı, qaraqalpaqlardıń usı dáwirge deyingi ómir jolı, táǵdirleri kútá ayanıshlı. Kim olardıń táǵdirlerin kórkem obrazlar arqalı kóz aldına keltirgisi kelse hár qıylı sebepler menen qayta-qayta buzılıp, jáne tigilgen bir otawdı(hár buzılǵanda sózsiz álle nárseleri joǵaladı), yamasa buzılıp, hár qıylı sınıqları qayta jıynalıp óz ornına ileker ǵana tiklengen jaydı kóz aldına keltirsin.

Bıraq quwanshılısı –qaraqalpaqlar hár qanday awır jaǵdayda da adamıylıq qásiyetin joǵaltpay, dawıl quwǵan qańbaq kibi qaydan, qayda quwılsa da óziniń "Qaraqalpaq" degen ázelgi atın, ruwxıy baylıǵın bárhama yadında saqlay bilgen" [5:104]. Bul qatarlarda jazıwshınıń óz xalqına, eline jurtına bolǵan sadıqlıq sezimlerin oyatıwshı tereń oysezimge bay sózler menen qatarda tarıyxıy anıq faktlerdiń de qatar qollanıp ózgeshe stilde shıǵarma dóretiwi XXI ásir baslarında jańa dóretiwshiliginiń jańa basqıshı boldı.

## Ádebiyatlar

1. Алламберганов К. Тұңғыш қәдем, үлкен жаңалық. Жас ленинши. 1986. 16-октябрь.
2. Палўанов Б. Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында эссе жанры. Канд.дис. –Нөкис: 2007.
3. Нуржанов П. оламга йўл./ Жахон адабёти. –Тошкент: 2009, 5-май. №5.
4. Қайыпбергенов Т. О дүньядағы атама хатлар. -Нөкис: «Қарақалпақстан». 1992. 43-б.
5. Қайыпбергенов Т.Қәлбимниң қамусы. –Нөкис: «Билим». 2008. 4-б.

**REZYUME.** Maqolada T.Qayipbergenovning XX asr oxiri va XXI asr boshlarida yozilgan "O, dúnyadaǵa atama xatlar", "Qálbimniń qamusı" roman-esselari tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются романы-эссе Т.Кайыпбергенова "O, dúnyadaǵa atama xatlar", "Qálbimniń qamusı" написанным в конце 20-начале 21 века.

**SUMMARY.** The article analyzes T. Qayipbergenov's novel-essays "O, dunyadaǵa atama khatlar", "Kálbimni kamusı" written in the late 20th and early 21st centuries.

# MAZMUNÍ

## TÁBIYIY HÁM TEXNIKALÍQ ILIMLER

### Fizika. Matematika. Texnika. Informatika

**Atashov B.T., Yuldashov D.P., Oralbayev K.G.** $LiBaWF_9$ kristallining termolyuminessensiyasi …….. 3
**Asanov D.J.** Pulse photon processing of a thin-film Si/Mg/Si/Sitall System …………………………….. 4
**Djumabaev N.** Viet teoremasınan paydalanıp parametrli kvadrat teńlemelerdi sheshiw usılları ………… 6
**Eshanov M., Sarsenbaev D., Muxiyatdinova A.** Kompyuterli modellestiriw texnologiyasın paydalanıw boyınsha metodikalıq pikirler ……………………………………………………………… 8
**Хаккулов М.К.** Модельный расчет параметра элементарной ячейки $si_2zns$ полуэмпирическим методом ……………………………………………………………………………………… 10
**Jalekeshov A.S., Yavidov B.Ya.** Bir o'qli deformatsiyaning $YBa_2Cu_3O_{7-\delta}$ kuprati o'tao'tkazuvchanlik kritik haroratiga ta'siri …………………………………………………………………………….. 12
**Жумамуратов А., Жумамуратов М.А.** Исследование микроэлементного состава коллекторных, речных, канальных и подпочвенных вод Южного Приаралья ……………………………………... 15
**Исмайлов К.А., Атаубаева А.Б., Насырова Г.М.** Релаксационные явления в структурах контактной металлизации, стимулированные термической обработкой ………………………..... 16
**Камалов А.Б., Жалелов М.А., Турсынбаев С.А.** Тензоэлектрические свойства кремния с нанокластерами атомов марганца ……………………………………………………………………. 18
**Kudaibergenova A.M., Orazimbetova G.Z., Turdimuratov M.M.** New raw materials recommended for use in cement plants of Karakalpakstan ………………………………………………………….. 20
**Маркевич М.И., Асанов Д.Ж., Камалов А.Б.** Формирование наночастиц в водной среде из мишени силумина ……………………………………………………………………………………... 22
**Nuritdinov I., Atashov B.T., Yuldashov D.P., Oralbayev K.G.** $LiBaWF_9$ kristallarning xususiy lyuminessensiyasi …………………………………………………………………………………….. 24
**Утеулиев Н.У., Оринбаев А.Б.** Электр энергиясини тақсимлаш масаласини ечишнинг дастурий таъминотини ишлаб чиқиш ……………………………………………………………………… 26
**Зикриллаев Н.Ф., Трабзон Л., Исмаилов Қ.А., Мавлонов Ғ.Ҳ., Абдуғаниев Й.А., Неъматов О. С., Исмаилов Т.Б.** Европий киришма атомлари киритилган кремнийга магнит майдон таъсири ……………………………………………………………………………………... 29

### Biologiya. Zoologiya. Ekologiya

**Abdijaliev S.K., Allambergenova D.A.** Tabiat va inson faoliyatida ekologik toza energiya manbalaridan foydalanishning ahamiyati ……………………………………………………………. 33
**Ешмуратов Р.А., Юлдашева А.К.** Интродукция шароитида *Lycium L* турларининг биоморфологик ҳусусиятлари ……………………………………………………………………... 35
**Палўанова Г.Ж., Байгелдиева Н.Ж.** Жалпақ тисли крысаның азықланыўы ҳәм ин қурылысы …. 37
**Палўаниязова Д.А. Дадаев С., Қаниязов А.Ж.** Қорақалпоғистон шароитида эчкилар (*capra hircus* l.) гельминтлари тур таркиби ва уларнинг организмда тақсимланиши ……………….. 39
**Туремуратова Г.И., Нагметов Х.С.** Планктонные беспозвоночные животные озеро Сайкуль … 42

### Geografiya

**Ешимбетов У.Х., Сәрсенбаев Қ.А.** Қишлоқ хўжалигини ихтисослаштиришнинг илмий асослари 44
**Облақулов Ҳ.А., Буранов Ё.Р.** Навоий вилояти аҳолисининг миллий-этник таркиби ……………. 46
**Шерхолов О.И.** Навоий вилояти шаҳар аҳоли пунктларининг ҳудудий таркиби ва демографик кўрсатгичлари ……………………………………………………………………………………….. 48

## JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

### Tariyx. Huqıqtanıw. Ruwqıylıq

**Арзиева Б.И.** Синф раҳбарларининг ҳуқуқий саводхонлигини оширишнинг ҳуқуқий асослари …. 51
**Есназарова З.Б.** Күнхожа шығармаларының тарийхнамасы ……………………………………… 53
**Қодиров Қ.А.** Ғоявий таҳдидларга қарши кураш – ёшлар сиёсатининг асосидир ………………….. 55
**Кахарова М.** Малайзия давлатида ижтимоий-маънавий муҳит ҳолати ........................................... 57
**Kudaybergenova T.K.** Nızam ústemligi hám korrupciyaǵa qarsı gúresiw – puqaralıq jámiyetin rawajlandırıwdıń ústem shárti …………………………………………………………………........ 60
**Пирназаров С.М.** Қарақалпақ театрының профессионаллыққа өтиўинде дәслепки адымлар (1930-1939) ……………………………………………………………………………………………. 62
**Сарыбаев А.К.** Қарақалпақстан Республикасында экономикалық реформалардың басланыўы ҳәм жәмийетлик-экономикалық дүзилистиң өзгериўи ……………………………………………………. 64